# WATANǴA SADIQ MUZIKASHI - KARLIBAEV KLICHBAY KDIRBAEVICH

**Xalniyazova Ra'no Quvonichboy qizi**
*O'zbekiston mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı Ulıwma kásiplik hám*
*social gumanitar pánler kafedrası muzıkatanıw*
*qániygeliginiń 2-kurs studenti*
*Ilimiy basshı*: ***Kamalova Gulmayram.***

**Annotaciya:** Usı maqalada Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan mádeniyat tarawınıń pidayı wákili, tájiriybeli muzıkant hám bilimlendiriw shólkemlestiriwshisi Karlıbaev Klichbay Kdırbaevichtiń ómiri, dóretiwshiligi hám pedagogikalıq jumısı sáwlelendirilgen. Avtordıń balalıqtan baslanǵan kórkem ónerge muhabbatı, oqıw hám miynet procesindegi jetiskenlikleri, házirgi kúnde alıp barıp atırǵan basshılıq jumısları tiykarında jas áwladqa tásirsheń ibrat kartinası sızılǵan. Maqala dawamında muzıkalıq miyrastı dawam ettiriw, kórkem óner mekteplerin rawajlandırıw, jas talantlılardı tárbiyalawdaǵı xızmetler ayrıqsha atap ótiledi.

**Gilt sózler:** goboy, muzika tálimi, balalar, dirijyorlıq, kórkem óner mektepleri, simfoniyalıq orkestr, pedagog, basshi, kórkem óner.

**Аннотация:** В данной статье освещается жизнь, творчество и педагогическая деятельность Карлыбаева Кличбая Кдырбаевича, преданного представителя сферы культуры Узбекистана и Каракалпакстана, опытного музыканта и организатора образования. На основе любви автора к искусству, начавшейся с детства, его достижений в учебе и трудовом процессе, а также его текущей руководящей работы изображена впечатляющая образцовая картина для молодого поколения. В статье особо подчеркиваются заслуги в продолжении музыкального наследия, развитии художественных школ и воспитании молодых талантов.

**Ключевые слова:** гобой, музыкальное образование, дети, дирижирование, художественные школы, симфонический оркестр, педагог, руководитель, искусство.

**Annotation:** This article covers the life, work, and pedagogical activities of Karlibayev Klichbay Kdirbaevich, a dedicated representative of the cultural sphere of Uzbekistan and Karakalpakstan, an experienced musician and educational organizer. Based on the author's love for art that began in childhood, his achievements in the process of studying and work, and his current leadership work, an impressive example for the younger generation is drawn. The article highlights services in continuing musical heritage, developing art schools, and nurturing young talents.

**Keywords:** oboe, music education, children, conducting, art schools, symphony orchestra, teacher, leader, art.

Kórkem ónerge, ásirese, muzıka dúnyasına balalıqtan tanıs bolǵan insanlardıń ómiri bárqulla ayrıqsha itibar hám húrmetke múnásip. Karlıbaev Klichbay Kdırbaevich. Usınday ullı dóretiwshilerden biri bolıp, tek ǵana ózbek hám qaraqalpaq muzıka mádeniyatına emes, al jas áwladtı estetikalıq ruwxta tárbiyalawǵa da múnásip úles qosıp kelmekte. Ol 1971-jıl 17-oktyabrde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Taqıyatas rayonında tuwılǵan. Ata-anası menen akesiniń jumısı sebebli 1968-jıllları Xojeli rayonına kóship kelgen. Ákesi Karlibaev Kdırbay Karlibaevich Ishki isler ministrliginde jumıs islegen. Anası Xojanova Zaxira Xojanovna orta bilim beriw mektebinde muǵallim bolıp jumıs alıp barǵan. Ásirese anasınıń muzıkaǵa qızıǵıwshılıǵın qollap-quwatlawı Karlıbaevtıń ómir jolın anıqlap berdi. Ákesi 1944-jılı tuwılǵan 1995-jılı 51 jasında qaytıs bolǵan.

Anası 1946-jılı tuwılǵan 1992-jılı 46 jasında qaytıs bolǵan.

Inisi 1974-jılı tuwılǵan 1995-jılı 21 jasında qaytıs bolǵan.

Ol dáslepki muzıka sabaqların Xojeli qalasındaǵı 1-sanlı muzıka mektebinde dombıradan baslaǵan, keyin ala duwtar klasında bilim alǵan. Bul bolsa onıń muzıkaǵa bolǵan muhabbatın jáne de kúsheytti. 1986-jılı Nókistegi J. Shamuratov atındaǵı

Mámleketlik kórkem óner bilim jurtınıń goboy bólimine oqıwǵa kirgen. Karlıbaev ol jerde ustaz Semen Filipovich Yaganovtan tálim alıp, goboy ásbabınıń sırların iyelegen. Studentlik jıllarında ol tek ǵana oqıp emes, al hár qıylı orkestrlerdiń quramında belsene qatnasıp, muzıkalıq sheberligin keńnen kórsetti. Kórkem-óner bilim jurtında student jaslardan duzilgen Demli hám Xalıq sazları orkestrları jaqsı jolǵa qoyılǵan bolıp, sol orkestrlarda sázende sıpatında kóplegen tádbirlerde qatnasqan. Sol waqtları kórkem-óner bilim jurtında demli orkestrdi Murmancov Nikolay Vladimirovich sońınan Maksimov Vladimir Nikolaevich basqarıp kelgen. Usı dárgayda oqıp júrip Respublikalıq hám qalalıq konkurs festivallarda qatnasıp kelgen. Atap aytqanda Maksimov Vladimir Nikolaevich basqarǵan orkestr 1989-jılı Tashkent qalasında demli orkestrleri arasında ótkerilgen konkursta 2-orındı jáne 1990-jılı kórkem-óner bilim jurtı jeke atqarıwshı studentleri arasında Tashkent qalasında ótkerilgen úplep shertiw áspabları konkursında diplomant bolıw baxtına miyassar bolǵan. 1990-jılı Tashkent Mámleketlik Konsevatoriyasına oqıwǵa tapsırıp qánigelik hám solfedjio sabaqlarınan joqarı baha alıp úshinshi imtixan garmoniyadan óte almay kire almaǵan son sol jılı Tashkent Mámleketlik Mádeniyat institutına demli fakultetine oqıwǵa túsedi. Institutta oqıp júrip bari-bir Konsevatoriyada oqıw ármanı tárk etpey qosımsha, konservatoriya professorı goboy klassı ustazı Melkamini Vitali Lvovichten jáne basqada ustazlardan garmoniya sabaqlarınan konsultaciya alıp baradı. Professor sabaqların meńgergennen soń oqıw jılı juwmaǵında Tashkent Mámleketlik Konsevatoriyasında komissiya quramı dúzilip K.Karlibaevtan kerekli panlerden imtixan alınıp komissiya quramı qararına tiykar Tashkent Mámleketlik Konsevatoriyasınıń orkestr fakulteti demli bólimi goboy klassına tuwrıdan-tuwrı 2-kurs studenti qatarına okıwǵa qabıllanadı. Oqıp júrgen waqıtları konservatoriya studentlerinen dúzilgen simfonik hám demli orkestrine belsende qatnasadı. 1992-1995-jıllarda M.Kori-Yakubov atındaǵı Ózbekstan Mámleketlik Filarmoniyasınıń milliy sazlar orkestrinde 0,5 stavkada sázende sıpatında jumıs isleydi. Oqıp hám islep júrip dirijyor Farux Sodikov basqarǵan Filarmoniyanıń xalıq sazları orkestri menen

Tashkent qalası hám derlik barlıq wálayatlarında koncert bağdarlamaları menen gostrol saparında boldı.

1995-jılı Tashkent Mámlektlik Konservatoriyasın tabıslı tamamlap ózi oqıǵan Nokis kórkem-óner bilim jurtına demli bólimi oqıtıwshısı hám qosımsha Berdaq atındaǵı akademik sazlı teatrında simfonik orkestr sázendesi sıpatında jumıs basladı. Bilim jurtında bir qatar studentlerge ustazlıq qılıp shákirtler tayarladı.

Belgili kompozitor, dirijyor Kurbanbay Záretdinov basqarǵan simfonik orkestrinde opera,balet hám spektakllerde hsázende sıpatında qatnasıp keldi.

2006-jıl 4-yanvar sánesinen Mádeniyat hám sport ministri J.Turdımuratov buyrıǵı menen Xojeli rayonlıq 2-sanlı balalar muzıka mektebine (házirgi 5-sanlı BMKOM) direktor lawazımına tayınlanadı. Sol jılları mektepte 5 ǵana bólim bolıp, onda 100 den aslam oqıwshılardı qamtıp kelgen. Ol basshılıq etken jıllarda mektep zamanagóy imaratqa kóshiriledi, jańa usılda úskenelenedi hám kóplegen jańa bólimler ashıladı. 2012-jılǵa kelip Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 910-sanlı pármanı menen zamanagóy II - tiptegi jańa mektep salınıp xalqımız jáne ustazlar ushın bárshe imkaniyatlarǵa iye mektep boy tikledi. Sol imkaniyatlardan únemli paydalanıp házirgi kúnde 14 jóneliste 60 tan aslam muǵallim hám koncertmeysterler 370 oqıwshı jaslarǵa tálim tárbiya berip atır. Mektepte oqıwshıları toparınan « Xoja bala » baqsı duwtarshılar ansambli,« Gúlpariy » xoreografiya ansambli,« Deti solnce » hám « Doslık » estradalıq ansamblleri dúzildi. Okıwshılar toparınan dúzilgen bul ansambller balalar muzıka hám kórkem-óner mektepleri arasında Xalıq aralıq hám Respublikalıq kórik-tańlawlarda aldaǵı orınlardı alıp kelmekte. Bunnan basqada oqıwshılar jeke atkarıwshılıgı menen muzıka mektepleri arasında hár jılı ótkerilip kelinetuǵın kórik-tańlawlarda belsene qatnasıp joqarı orınlardı iyelep kelmekte. Mektepte joqarı hám orta arnawlı qániygeler tańlap alınǵan bolıp, olar joqarı hám birinshi, ekinshi kategoriyalı kásip mamanlarınan dúzilgen pedagoglar sostavı jámlesken.

1992-jılı Japaqova Ayımxan Sársenbaevna menen turmıs quradı, kásibi tiginshi sheber. Házirgi kúnde Xojeli rayonlıq 5-sanlı balalar muzıka hám kórkem-óner mektebiniń kesteshilik bóliminde muǵallim lawazımında is júritip atır.

Qızı Qarlıbaeva Bekzada Klıchbaevna 1993-jılı tuwılǵan. Olda ata kásibin dawam ettirip dáslep muzıka mektebinde fortepiano bóliminde soń Nókis mádeniyat hám kórkem-óner kolledjinde oqıp tálim aldı. Bekzada 2012-jılı Ózbekstan Mámleketlik Konsevatoriyası kompozitorlık hám sazlastırıw « Bastakorlik va cholǵulashtirish »fakultetine okıwǵa kiredi. 1-kursında fakulteti arasında ótkerilgen avtorlıq shıǵarmaları menen qatnasıp student jasları arasında II-orın keyingi jılı 2-kursında III-orındı iyelegen.

2015-2016-jılları Tashkent qalasındaǵı respublikalıq qániygelestirilgen muzıka hám kórkem-óner akademik liceyinde oqıtıwshı lawazımında jumıs islegen.

Konsevatoriyanı tabıslı jumaqlap 2016-2021-jıllar dawamında Xojeli rayonı 5-sanlı balalar muzıka xam korkem-oner mektebinin muzıka sauatı pani mugallimi sıpatında juumıs isledi. Xazirgi kunde uy biykesi. Muslima, Safina hám Xadija atlı ush perzenttin anası.

Kiyew balası Sharapov Allayar Rustemovich ol da mádeniyat tarawında oqıp jumıs alıp barǵan. Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyasınıń akadem vokal fakultetinde magistr dárejesin tamamlaǵan.

Karlibaev Klıchbay Kdırbaevich 2006-jıldan házirgi kúnge shekem Xojeli rayonındaǵı 5-sanlı balalar muzıka hám kórkem-óner mektebinde direktor lawazımında islep kelmekte. Karlıbaev Klichbay Kdirbaevich - bul insan ómiri menen dálillegen miynet súygishlik, watansúyiwshilik hám kórkem ónerge sadıqlıq tımsalı. Onıń hár bir qádemi - jas áwladqa jol, hár bir sabaǵı - bolajaq muzıkashılar qálbine ashılǵan esik. Ol jetistirgen shákirtler, shólkemlestirgen ansambller hám basshılıq etip atırǵan mektep - bul búginniń emes, al erteńniń gúltajı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Kamalova.G. Kompozitor Dariko Jańabaeva. – Nókis, Ilimpaz. 2023. – 109 bet
2.ЛУЧШИЕ ИНТЕЛЛЕКТУАЛЬНЫЕ ИССЛЕДОВАНИЯ международный научный электронный журнал. Ч.19 Т.5 2024 год . INTERNATIONAL SCIENTIFIC JOURNAL

ISSN 2181-

3.Kamalova G. QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR (D. Djańabaeva dóretiwshilik jolı) //Вестник музыки и искусства. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 37-39.

4. Kamalova. G., & Dauletbaeva , G. (2024). DUWTAR SAZ ÁSBABÍN ZAMANAGÓYLESTIRIWDIŃ ÁHMIYETI. Вестник музыки и искусства, 1(4), 89–94. извлечено от https://science.uzdknf.uz/index.php/science/article/view/231

5. Kamalova G. JAMIL CHARSHEMOVTÍŃ "POPURRI" SHÍǴARMASÍNÍŃ ÓZGESHELIGI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 4. – С. 52-57.